

Lis Verifikasyon Egzijans Tranzisyon

<p>Lis Verifikasyon Egzijans Tranzisyon pou Plan Edikasyon Pèsonalize pou Tranzisyon (Individual Education Plans, IEP) ki devlope pou elèv laj 12 - 21 lane <i>* Ti lèt fen yo reprezante egzijans adisyonèl lwa Florida yo fè.</i></p>	<p>Egzijans laj/klas diferan onivo federal ak nan Florida nan kèk ka.</p>	<p>Bwat ki louvri yo bay a ki laj/klas lwa a obligatwa.</p> <p>12 = 12 lane oswa pandan 7yèm ane, selon sa ki rive an premye a 14 = 14 lane oswa dwe anplas epi operasyonèl nan premye jou lekòl segondè elèv la, selon sa ki rive anvan an</p>								
		12	13	14	15	16	17	18	19-21	
<p>1. Bay elèv la ak fanmi l enfòmasyon ki gen rapò ak tranzisyon konsènan sèvis tranzisyon nan nivo distri lekòl segondè, karyè ak edikasyon teknik, ak pwogram kolèj ki disponib pou elèv ki gen andikap ak fason pou w jwenn aksè ak pwogram sa yo. Yo dwe pataje enfòmasyon tou sou pwogram ak sèvis ki disponib atravè Sant Florida pou Elèv ki gen Talan Inik yo, Sant pou Viv Endependan nan Florida yo, Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl la, Ajans pou Moun Andikape yo, ak Divizyon Sèvis pou Avèg yo. s. 1003.5716, F.S.</p>	Federal									
	Florida	12	13	14	15	16	17	18	19-21	
<p>2. Aprè reyinyon IEP a y ap bay paran an avi, ki di y ap envite elèv la vin asiste e objektif reyinyon an se ap pou idantifye sèvis tranzisyon yo. Anplis de sa, <i>apati laj 14 lane oswa premye jou nan lekòl segondè</i>, avi a dwe di ke objektif reyinyon an se pou idantifye bezwen sèvis tranzisyon yo epi konsidere objektif pòs segondè yo. 34 C.F.R. § 300.320; s. 1003.5716, F.S.</p>	Federal					16	17	18	19-21	
	Florida	12	13	14	15	16	17	18	19-21	
<p>3. Envite elèv la nan reyinyon IEP a. 34 C.F.R. § 300.320(b); Règ 6A-6.03028(3)(b)(4), F. A. C.</p>	Federal					16	17	18	19-21	
	Florida	12	13	14	15	16	17	18	19-21	
<p>4. Envite yon reprezantan nan nenpòt ajans pou asiste reyinyon IEP a ki deja bay oswa ki ta dwe bay oswa peye pou sèvis tranzisyon elèv la, <u>men se sèlman aprè yo fin jwenn konsantman paran an oswa elèv ki majè ki te transfere dwa li yo alekri.</u> 34 C.F.R. § 300.347(b)(2); Règ 6A-6.03028(3)(c)(9), F.A.C.</p>	Federal					16	17	18	19-21	
	Florida			14	15	16	17	18	19-21	
<p>5. Anrejistre etap yo te franchi pou asire fòs, preferans, ak enterè elèv te konsidere. 34 C.F.R. § 300.321; 34 C.F.R. § 300.320(b); Règ 6A-6.03028(3)(c)8, F.A.C.</p>	Federal					16	17	18	19-21	
	Florida	12	13	14	15	16	17	18	19-21	
<p>6. Kòmanse idantifye bezwen elèv yo genyen nan kesyon sèvis tranzisyon. s. 1003.5716, F.S.</p>	Federal									
	Florida	12	13							
<p>7. Pale sou objektif apre lekòl ki ka mezire, ki baze sou yon evalyasyon tranzisyon ki adapte avèk laj nan domèn edikasyon, fòmasyon, travay, san wete objektif karyè, ak viv poukout yo, kote sa apwopriye. s. 1003.5716, F.S.</p>	Federal									
	Florida	12	13							

<p>Lis Verifikasyon Egzijans Tranzisyon pou Plan Edikasyon Pèsonalize pou Tranzisyon (Individual Education Plans, IEP) ki devlope pou elèv laj 12 - 21 lane <i>* Ti lèt fen yo reprezante egzijans adisyonèl lwa Florida yo fè.</i></p>	Egzijans laj/klas diferan onivo federal ak nan Florida nan kèk ka.	Bwat ki louvri yo bay a ki laj/klas lwa a obligatwa.							
		12 = 12 lane oswa pandan 7yèm ane, selon sa ki rive an premye a 14 = 14 lane oswa dwe anplas epi operasyonèl nan premye jou lekòl segondè elèv la, selon sa ki rive anvan an							
<p>8. Devlope objektif apre lekòl ki ka mezire ki baze sou yon evalyasyon tranzisyon ki adapte avèk laj nan domèn edikasyon, fòmasyon, travay, san wete objektif karyè, ak viv poukонт yo, kote sa apwopriye. Revize epi fè Mizajou yo depi sa nesesè. Si gen chanjman nan objektif pòs segondè oswa karyè ki anndan IEP a, paran an oswa elèv ki majè a dwe apwouwe chanjman yo; paran yo ka chwazi yon evalyatè endependan pou ede yo deside si chanjman yo apwopriye. 34 C.F.R. § 300.320(b)</p>	Federal					16	17	18	19-21
	Florida		14	15	16	17	18	19-21	
<p>9. Devlope objektif anyèl ki ka mezire ki gen rapò ak bezwen sèvis tranzisyon elèv la. Mete referans oswa objektif akoutèm pou elèv ki gen andikap ki pran evalyasyon altènatif la oswa nenpòt lòt elèv ki gen yon andikap jan ekip IEP a detèmine sa. 34 CFR §300.320(a)(2); Règ 6A-6.03028, F.A.C.; s.1003.5716, F.S.</p>	Federal					16	17	18	19-21
	Florida	12	13	14	15	16	17	18	19-21
<p>10. Pale sou pakou gradyasyon ak deziyasyon diplòm yo (Bous ak/oswa Domèn Bous) nan reyinyon IEP a. Règ 6A-6.03028(3)(h)8, F.A.C.; s. 1003.4285, F.S.</p>	Federal								
	Florida	12	13						
<p>11. Ekri fason elèv la pral jwenn preparasyon pou l gradye nan lekòl segondè ak yon diplòm lekòl segondè estanda ann akò ak s. 1003.4282, F.S., ak yon deziyasyon Bous oswa Domèn Bous.</p>	Federal								
	Florida	12	13	14	15	16	17	18	19-21
<p>12. Ekri desizyon gradyasyon an epi si elèv la ap travay pou li jwenn yon deziyasyon diplòm. Yo dwe travay sou egzijans sa a nan IEP ki devlope anvan yon elèv vin gen 14 lane. s. 1003.4282(10)(a), F.S.; s. 1003.5716(2), F.S.</p>	Federal								
	Florida		14	15	16	17	18	19-21	
<p>13. Revize desizyon gradyasyon an ak deziyasyon diplòm nan; revize si sa nesesè. s. 1003.5716(2), F.S.</p>	Federal								
	Florida		15	16	17	18	19-21		
<p>14. Devlope yon deklarasyon konsènan pakou etid elèv la k ap mennen nan yon diplòm estanda (deskripsyon sou pwogram enstriksyon ak eksperyans) epi fè Mizajou chak ane, si sa nesesè. Règ 6A-6.03028, F.A.C.</p>	Federal					16	17	18	19-21
	Florida		14	15	16	17	18	19-21	

<p>Lis Verifikasyon Egzijans Tranzisyon pou Plan Edikasyon Pèsonalize pou Tranzisyon (Individual Education Plans, IEP) ki devlope pou elèv laj 12 - 21 lane <i>* Ti lèt fen yo reprezante egzijans adisyonèl lwa Florida yo fè.</i></p>	Egzijans laj/klas diferan onivo federal ak nan Florida nan kèka.	Bwat ki louvri yo bay a ki laj/klas lwa a obligatwa.							
		12 = 12 lane oswa pandan 7yèm ane, selon sa ki rive an premye a 14 = 14 lane oswa dwe anplas epi operasyonèl nan premye jou lekòl segondè elèv la, selon sa ki rive anvan an							
<p>15. Devlope sèvis tranzisyon yo, sou baz evalyasyon tranzisyon ki apwopriye selon laj, nan chak domèn aktivite sèvis tranzisyon ki nesesè (sa vle di enstriksyon, sèvis ki gen rapò ak sa, eksperyans kominotè, travay, moun ki majè k ap viv poukont yo aprè lekòl, si sa apwopriye, konpetans lavi chak jou ak evalyasyon vokasyonèl fonksyonèl) ki mete aksan sou amelyore akonplisman akademik ak fonksyonèl elèv la. Sa pral ede elèv yo pou atenn objektif pòs-segondè ki ka mezire. Yo ka bay sèvis yo pi bonè si sa apwopriye. Règ 6A-6.03028(3)(b)(5), F.A.C.; s. 1003.5716, F.S.</p>	Federal Florida	Federal				16	17	18	19-21
		12	13	14	15	16	17	18	19-21
<p>16. Ekri bezwen pou enstriksyon nan domèn oto-detèminasyon ak defann tèt yo pou asiste elèv la pou l patisipe nan reyinyon IEP yo. Revize chak ane epi fè mizajou yo depi sa nesesè. s.1003.5716, F.S.</p>	Federal Florida	Ka kòmanse a 12/13 lane si ekip IEP a detèmine sa.							
		12	13	14	15	16	17	18	19-21
<p>17. Ekri konsiderasyon sèvis tranzisyon anvan travay la (<i>Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS</i>). Yo ofri sèvis sa yo atravè Reyabilitasyon Vokasyonèl gratis e yo gen ladan yo: 1) Konsèy pou Eksplor Travay; 2) Fòmasyon Preparasyon pou Travay; 3) Fòmasyon pou Defans Pèsonèl ak Kamarad; 4) Konsèy Edikasyon Apre Lekòl Segondè; epi 5) Eksperyans Aprantisaj sou baz Travay. Yo dwe bay elèv yo ak paran yo enfòmasyon konsènan Reyabilitasyon Vokasyonèl nan laj 12 lane oswa 7^{yèm} ane, men sèvis tranzisyon anvan travay pa disponib jiska laj 14 lane. s.1003.5716, F.S.</p>	Federal Florida								
				14	15	16	17	18	19-21
<p>18. Devlope deklarasyon rezulta ak avantaj adisyonèl paran an ak ekip IEP a atann rive nan moman gradyasyon elèv la; revize chak ane epi revize si sa nesesè. Règ 6A-6.03028, F.A.C.; s.1003.5716, F.S.</p>	Federal Florida								
				14	15	16	17	18	19-21
<p>19. Konvoke ekip IEP a ankò pou idantifye estrateji altènatif pou atenn objektif tranzisyon elèv la si gen yon ajans ki pa rive bay sèvis tranzisyon jan sa dekri nan IEP a. 34 C.F.R. § 300.324; s. 1003.5716, F.S.</p>	Federal Florida	Federal				16	17	18	19-21
		12	13	14	15	16	17	18	19-21
<p>20. Ekri konvèsayon ki fèt sou pwosesis ki pèmèt yon elèv ki gen yon andikap ki ranpli kondisyon pou jwenn yon diplòm etid segondè estanda pou repòte posibilité pou jwenn diplòm sa a yon lòt lè sou baz seksyon 1003.4282 (10)(c). s. 1003.5716(2), F.S.</p>	Federal Florida								
				14	15	16			

<p>Lis Verifikasyon Egzijans Tranzisyon pou Plan Edikasyon Pèsonalize pou Tranzisyon (Individual Education Plans, IEP) ki devlope pou elèv laj 12 - 21 lane <i>* Ti lèt fen yo reprezante egzijans adisyonèl lwa Florida yo fè.</i></p>	<p>Egzijans laj/klas diferan onivo federal ak nan Florida nan kèk ka.</p>	<p>Bwat ki louvri yo bay a ki laj/klas lwa a obligatwa.</p>					
		<p>12 = 12 lane oswa pandan 7yèm ane, selon sa ki rive an premye a 14 = 14 lane oswa dwe anplas epi operasyonèl nan premye jou lekòl segondè elèv la, selon sa ki rive anvan an</p>					
<p>21. <i>Jwenn yon dokiman ki siyen nan men paran an, responsab legal la, oswa elèv la, si toutfwa elèv la rive nan laj majorite epi yo transfere dwa yo bay elèv la, ki demontre li konprann pwosesis ajoune a epi idantifye si elèv la ap ranvwaye resepsyon diplòm lekòl segondè estanda li a pou IEP ki anvigè nan kòmansman ane eskolè elèv la prevwa gradye a. Si yon elèv ap ajoune resepsyon diplòm nan, demann pou ajoune a dwe resevwa alekri pa distri lekòl la pou pita 15 Me yon fason pou elèv la kontinye resevwa sèvis tranzisyon oswa sa ki gen rapò ak sa. Demann pou ajoune a nesesè yon sèlfwa. Laj yo ka varye selon kilè egzijans gradyasyon yo konplete.</i> Règ 6A-1.09963, F.A.C.; s. 1003.5716, F.S.</p>	<p>Federal</p>						
		Florida		17	18	19-21	
<p>22. Enfòme paran an ak elèv la sou dwa k ap transfere bay elèv la, omwen yon lane anvan elèv la gen 18 lane, epi ekri ke nou te fè yo konn sa sou IEP Tranzisyon an. 34 C.F.R. § 300.320; Règ 6A-6.03028, F.A.C.</p>	<p>Federal</p>		16	17			
		Florida		16	17		
<p>23. Bay elèv la ak paran li yo enfòmasyon ak enstriksyon sou oto-detèminasyon ak dwa jiridik epi responsabilite ki gen rapò ak pran desizyon nan zafè edikasyon ki transfere bay elèv la lè li genyen 18 lane. Enfòmasyon an dwe gen ladan l fason elèv la kapab bay konsantman eklere pou otorize paran li yo kontinye patisipe nan desizyon k ap pran sou edikasyon l, sa gen ladann: 1) Konsantman eklere pou bay aksè ak dosye konfidansyèl ki pwoteje yo selon Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) jan sa dekri nan seksyon 1002.22, Lwa Florida (F.S.); 2) Pwokirasyon jan sa dekri nan Chapit 709, F.S.; 3) Defans responsab legal jan sa dekri nan s. 393.12, F.S.; epi 4) Responsabilite legal jan sa dekri nan Chapit 744, F.S.</p>	<p>Federal</p>						
		Florida		16	17		
<p>24. Bay paran an ak elèv la yon avi separe pou yo chak konsènan transfè dwa yo lè elèv la atenn laj 18 lane. 34 C.F.R. § 300.520; Règ 6A-6.03311(8)(c), F.A.C.</p>	<p>Federal</p>					18	
		Florida				18	
<p>25. Bay yon rezime sou akonplisman akademik ak pèfòmans fonksyonèl elèv la ki dwe gen ladann rekòmandasyon sou fason pou asiste elèv la pou elèv k ap soti ak yon diplòm estanda oswa ki vin gen twòp laj pou sistèm K-12 la ka atenn objektif pòs-segondè li yo. (Laj la ka varye.) 34 C.F.R. § 300.305(e)(3); Règ 6A-6.0331(8)(f), F.A.C.</p>	<p>Federal</p>			17	18	19-21	
		Florida			17	18	19-21